



Pou Piblikasyon Imedya: 14/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**APRE ATAK SOU SWEN SANTE REPWODIKTIF, GOUVÈNÈ HOCHUL ANGAJE
POU LI GOUMEN POU PWOTEKSYON DWA POU AVÒTMAN**

***Gouvènè a rejwenn Pwokirè Jeneral James, Senatè Gillibrand ak Lidè Majorite
Stewart-Cousins pou konbat atak kont dwa repwodiktif fondmantal yo***

***Eta a estoke 150,000 dòz Misoprostol, ap travay pou pwoteje plis aksè nan
medikaman pou avòtman***

Aprè plizyè atak sou aksè nan avòtman — ki gen ladan yon desizyon tribinal federal nan Texas ki limite aksè nan medikaman avòtman ak adopsyon Florid pou yon entèdiksyon avòtman 6 semèn - Gouvènè Kathy Hochul te rankontre jodi a ansanm ak Pwokirè Jeneral Letitia James, Senatè Kirsten Gillibrand, Lidè majorite Sena Eta a Andrea Stewart-Cousins, ak lòt lidè lejislatif ak defansè yo pou pwomèt pou yo kontinye goumen pou pwoteje dwa pou avòtman.

"Se te yon semèn difisil pou fanm yo atravè peyi a", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Pandan ke ekstremis kont chwa fanm asent yo kwè ke yo ta dwe deside sa ki pi bon pou pwòp sante ou, mwen p ap janm sispann goumen - kanpe kòt a kòt avèk patnè federal, eta ak lokal nou yo - pou asire ke avòtman rete an sekirite, legal ak aksesib nan eta nou an. Pou nenpòt moun ki bezwen aksè nan swen sante repwodiktif, New York ap toujou akeyi yo ak bra louvri".

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Isit la nan New York, nou kwè ke lè se kò ou, li ta dwe toujou se chwa ou. Pandan ke jij ak gouvènè gason atravè peyi a ap eseye revoke dwa pou chwazi, nou rete fewòs nan pwoteksyon nou pou otonomi kòporèl Nouyòkè yo, epi n ap fè tout sa nou kapab antanke lidè gwo eta sa a pou asire tout moun jwenn swen yo bezwen. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan pwoteje aksè nan avòtman, epi nou pral kontinye travay ansanm nan defans libète repwodiktif pou tout moun k ap viv ak vwayaje isit la".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Libète repwodiktif ak otonomi fanm yo anba atak nan tout peyi a, se poutèt sa New York te pran mezi solid pou pwoteje dwa pasyan yo, pou bay founisè swen sante repwodiktif yo pouvwa, epi pou yo rete yon refij pou moun k ap chèche swen sante repwodiktif. Mwen rekonesan dèske m gen patnè tankou Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James ak Lidè Majorite Stewart-Cousins nan batay

sa a. Tout moun ta dwe gen dwa pou yo pran desizyon konsènan pwòp kò yo ak sa ki pi bon pou fanmi yo ak pwòp sante repwodiktif yo epi mwen angaje pou m fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou jwenn solisyon lejislatif adisyonèl pou pwoteje aksè nan swen sante repwodiktif".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Majorite Demokratik Sena a pran angajman pou pwoteje dwa repwodiktif ak asire aksè ekitab nan swen sante repwodiktif konplè. Nou te franchi etap enpòtan, tankou adopte Lwa sou Sante Repwodiksyon istorik la ak adopte yon lejislasyon konplè an repons a anilasyon Roe v. Wade la. New York pwouve tou lè w gen fanm nan lidèchip ki konprann enpak pwoblèm sa yo sou teren, yo pran mezi reyèl pou pwoteje dwa nou yo. Se poutèt sa mwen te kreye premye Komite Sena sou Pwoblèm Fanm yo, ke Senatè Lea Webb ap prezide, pou ede mennen efò sa yo. Nou pral kontinye travay avèk Gouvènè Hochul ak alye nou yo nan gouvènman an pou garanti Eta New York rete yon flanbo pou jistis repwodiktif".

Senatè Eta Liz Krueger te deklare, "Depi anvan desizyon orijinal Roe a, Eta New York te yon lidè nan pwoteje dwa tout moun pou pran pwòp desizyon sou swen sante repwodiktif yo. Majorite Ameriken yo dakò ke avòtman se swen sante - epi lè avòtman twouve l nan bilten vòt epi Ameriken yo gen yon chwa, yo chwazi libète repwodiktif. Men, ekstremis zèl dwat nan tribinal yo, nan chato gouvènè yo, ak nan lejislati atravè peyi a gen entansyon inyore pèp Ameriken an pou enpoze ajanda avèk prejije kont fanm yo sou nesans fòse yo. Eta New York dwe epi pral fè tout sa li kapab pou asire li pwoteje dwa Nouyòkè yo ak moun ki vin isit la pou tretman swen sante repwodiktif".

Manm Asanble Karines Reyes te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James pou lidèchip yo, paske dwa fondamantal fanm yo ak aksè nan medikaman avòtman yo anba atak. Aksyon sa yo se gwo premye etap pou kontrekare dènye desizyon tribinal federal yo ki menase sante ak byennèt Nouyòkè yo. Mwen espere kolabore avèk yo, pandan y ap aplike politik sa yo epi nan devlopman nouvo objektif politik ki pral asire aksè konplè nan swen sante repwodiktif pou tout moun ki rele eta nou an lakay yo".

Depi lè Tribinal Siprèm Etazini te pibliye desizyon Dobbs ane pase a, ki retire dwa repwodiktif plizyè milyon moun, Gouvènè Hochul te pran responsablite pou asire aksè pou tout moun k ap chèche swen pou avòtman. Anplis kreyasyon yon fon 35 milyon dola ki pi enpòtan nan peyi a pou sipòte swen pou avòtman, Gouvènè Hochul te travay ak Lejislati a pou [adopte sis nouvo lwa nasyonal](#) pou pwoteje ak sipòte founisè ak pasyan yo.

Gouvènè Hochul [te anonse](#) nan kòmansman semèn sa a ke Eta a pral estoke medikaman pou avòtman ki se Misoprostol nan kad efò kontinyèl yo pou pwoteje aksè nan avòtman. Sou enstriksyon Gouvènè a, Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) pral imedyatman komanse achte Misoprostol pou yo kapab estoke 150,000 dòz, yon rezèv pou senkan, pou satisfè bezwen yo prevwa yo. Gouvènè Hochul te anonse tou ke si yo retire medikaman pou avòtman

Mifepristone lan sou mache a, Eta a pral angaje jiska yon lòt 20 milyon dola bay founisè yo pou sipòte aksè ak lòt metòd swen.

Pou pwoteje plis aksè nan medikaman pou avòtman, Gouvènè Hochul ap travay tou avèk Lejislati a sou nouvo lejislasyon pou mande konpayi asirans prive yo kouvri Misoprostol lè yo preskri li san etikèt pou avòtman, epi pou asire ke pa gen okenn founisè ki peye pou plis pousantaj pwoteksyon pou neglijan medikal oswa pèdi pwoteksyon akòz preskripsyon Misoprostol san etikèt la.

Anplis estoke medikaman pou avòtman, Gouvènè Hochul te pwopoze tou plizyè aksyon pou pwoteje aksè nan swen pou avòtman epi sipòte founisè avòtman yo nan kad Bidjè Egzekitif pou Ane 2024 li te pwopoze a, tankou: elaji aksè nan avòtman sou kanpis SUNY ak CUNY yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)